

Насыпщ Iулыдж къызэрыпхуащIыр зыдэпщIэжу дунейм утетыныр...

2-нэ нап.



Зи сурэтхэр щIэщыгъуэ

3-нэ нап.



Нэхъ мащIэми, жыджэрт

4-нэ нап.




Дыщыгъуэщакъым тхыдэм, жыуегъэIэ...

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№136 (24.262) ● 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Быщтэ Азэмэт и вагъуэ

4-нэ нап.







## КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ еджакIуэхэм ехъуэхъуащ «Зыгъэпсэхугъуэ ин» зэпеуэм зэрыщытекIуамкIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым фIыщIэ щахуищIащ «а текIуэныгъэхэр къахьыным зи фIыщIэшхуэ хэлъхэм» - ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ. «Си гум къыбгъэдэкIыу ди еджакIуэ цIыкIухэм сохъуэхъу «Зыгъэпсэхугъуэ ин» Урысейпсо зэпеуэм зэрыщытекIуамкIэ. ИкъукIэ узэрыгушхуэн ныбжьыщIэхэщ!» - щыжеIэ КIуэкIуэ Казбек текIуахэм защыхуигъазэ тхыгъэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, класс нэхъыжьхэм щIэс ныбжьыщIищым бжьыпэр щаубдыащ «Зыгъэпсэхугъуэ ин» Урысейпсо зэхьэзэхуэм - ахэр Налшык къалэ округым щыIэ еханэ курыт еджапIэм щIэс Бечеловэ Айданэ, Налшык дэт курыт школ №5-м щыщ Гуэнокъуэ Амир, «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и еджакIуэ Жабоев Ахъмэт сымэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ еджакIуипщI нэсат Урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм - Налшык, Бахъсэн къалэ округхэм, Шэджэм, Аруан, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэхэм щылажьэ курыт еджапIэхэм я лIыкIуэу.

«Урысейр псоми зэхуэдэ Iэмалхэр щаIэ къэралщ» президент платформэм и проектхэм ящыщщ 9 - 11-нэ классхэм щIэсхэм яхуэгъэпса, «Зыгъэпсэхугъуэ ин» зыфIащар. Абы и кIэух зэпеуэр щекIуэкIащ «Артек» дунейпсо сабий лагерым. УнэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ абы текIуэныгъэр къыщахьащ къэрал псом щыщ ныбжьыщIэ 600-м. НыбжьыщIэ 300-м, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэри яхэту, сом мелуан зырыз иратащ я щIэныгъэм адэкIи хагъэхъуэным трагъэкIуэдэну.

ТекIуахэм ехъуэхъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир: «Фэ щIыхь пылъу къэфкIуащ лъагапIэм фыхуэзыша гъуэгур икIи шэч къытесхьэркъым фщыщ дэтхэнэми хьэкъыу зэрыпхыкIар «Зыгъэпсэхугъуэ иныр» зэпеуэ къудейуэ зэрыщымытыр: ар къэралым и ныбжьыщIэ минищэхэр зэкъуэзыгъэувэ, зэакъылэгъухэм я зэгухьэныгъэщ, абы дэтхэнэми пщIэ щыхуащI, нэхъыбэ зэрахузэфIэкIынур я фIэщ щащIыф, гъащIэм я гъуэгу къыщагъуэтыжынымкIэ щадоIэпыкъу».

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым

## Къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэхэр йофIакIуэ



**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIущIэр иригъэкIуэкIащ.**

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭ сыхьэтым» депутатхэр щедэIуащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** «Къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм зэрыхуащIэр къызэрызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» федеральнэ законым теухуауэ къипсэлъам.

Дызэрыт лъэхъэнэм республикэм исхэм апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ миным щIигъу хуащIэ, абыхэм ящыщу 500-р электроннэ Iэмалхэм тету УФ-м Къэрал, щIыналъэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ и порталым щызэфIагъэкI, 160-р къэрал властым игъэзэщIакIуэ органхэм зэфIах, Iуэхутхьэбзэ 350-м щIигъу МФЦ-м къыщыпхуащIэ.

Рахаевым къыхигъэщащ цIыхухэм и чэзум, зыхуей хуэзэу Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным КъБР-м и Правительствэм гулъытэ хэха зэрыхуищIыр. УФ-м и хэгъэгухэм къыхуагъэува къалэнхэм япкъ иткIэ, 2021 гъэм и мазаем яубзыхуащ цIыху нэхъыбэ зыхуей хъу къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэ 93-рэ. ЦIыхухэр нэхъыбэу зэкIуалIэ къэрал, щIыналъэ гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэм щIэс IэщIагъэлIхэр КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ и платформэм пыщIэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абы IэщIагъэлIхэм Iэмал къарет цIыхур щIэлъаIуэр электроннэу зэфIагъэкIыну.

Министрым игъэбелджылащ къэрал къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэс IэщIагъэлIхэр зэрыщIэу электроннэу Iуэхур зэфIагъэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы цIыхум и зэманри и къарури къызэрыхудигъахуэр, IуэхущIапIэхэм цIыхухэр куэду зэрыщызэтримыхьэр.

Иджыпсту республикэм МФЦ-м и къудамэ 12, Iуэхутхьэбзэ щызэфIагъэкI щIыпIэу 245-рэ иIэу щолажьэ. Абы щыщу 149-р къуажи 116-м щыIэщ. 2012 гъэм МФЦ-р къызэрызэIуахрэ Iуэхутхьэбзэ мелуани 4,5-рэ зэфIагъэкIащ, зэрызыкъыхуагъэза упщIэу мелуаниблым жэуап иратыжащ.

Къэрал Iуэхутхьэбзэ щызэфIагъэкI «Мои документы» центрхэм къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэу 350-рэ щащIэ. КъищынэмыщIауэ, МФЦ-м щызэфIагъэкI Iуэхугъуэ хэхахэм ехьэлIа Iуэхутхьэбзэ зэрыIыгъхэр. Псалъэм папщIэ сабий къалъхуамэ, унэ къащэхуамэ, хьэрычэт Iуэху къызэIуахамэ, абы ехьэлIа дэфтэрхэр псори зы щIыпIэм щызэфIэбгъэхьэфынущ. Абы папщIэ цIыхум зы лъэIу закъуэкIэ Iуэхутхьэбзащхэм зыхуигъэзэн хуейуэ аращ.

ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2021 гъэм къриубыдэу цIыхухэм я процент 98-м щIигъур арэзы къэщI къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэу республикэм щызэфIагъэкIым.

Къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэхэр электроннэ Iэмалым тету зэфIэзыххэм я бжыгъэкIэ къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм япэ увыпIэр щиIыгъщ.

Рахаев Борис зи гугъу ищIахэр къызэщIикъуэжу жиIащ къэрал, щIыналъэ Iуэхутхьэбзэхэр фIагъ лъагэ яIэу, цIыхухэр арэзы ищIу, и чэзум зэфIагъэкIыу щытынымкIэ республикэм зэпымыууэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыщекIуэкIыр, ахэр дяпэкIи нэхъри ирагъэфIэкIуэн папщIэ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыналъэ IуэхущIапIэхэмрэ купщIафIэу зэдэлэжьэн зэрыхуейр, Iуэхум щIэуэ къыхыхьэ псори къагъэсэбэпу зэрызрагъэсэнур.

Министрым жиIахэр щызэпкърахым, КъБР-м и Парламентым и унафэщI **Егоровэ Татьянэ** къэпсэлъам упщIэ зыбжанэкIэ зыхуигъэзащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, МФЦ-м щIыхьа цIыхум сыт хуэдиз зэманым къриубыдэу и Iуэху щызэфIигъэкIыфми щыщIэупщIэм, Рахаевым жиIащ ар дакъикъэ 15 нэхърэ нэхъыбэкIэ чэзум зэрыпэмыплъэр. Апхуэдэуи УнафэщIыр щIэупщIащ цIыхухэр къэрал, щIыналъэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ арэзы зэрыхъур къызэращIэ щIыкIэм. Абы и жэуапу министрым жиIащ Iуэхутхьэбзэ щIэкIэм цIыхухэр арэзы ищIрэ имыщIрэ Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм унэтIыныгъуийкIэ къызэрипщытэр. Электроннэ Iэмалыр и кIэм нэсу зэтеубла хъуарэ мыхъуарэ спикерыр щыщIэупщIэм, Рахаев Борис жиIащ а лъэныкъуэм щыщыIэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным иджыпсту зэрелэжьыр.

Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым и унафэщI **АфIэунэ Аслъэн** къызэхуэсахэм яжриIащ электроннэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэ цIыху мин 800 порталым зэрыщатхар, абыхэм ящыщу ар жыджэру къэзыгъэсэбэпыр мин 400-м зэрыщIигъур, дяпэкIэ ар нэхъыбэж хъуну зэрыхуигъэфащэр.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** езым электроннэ Iэмалыр куэд щIауэ къызэригъэсэбэпыр жиIэри, игъэщIэгъуащ МФЦ-м деж щызэтрихьэ машинэр зэрыкуэдыр. Абы и жэуапу АфIэунэм жиIащ иджыпсту МФЦ-м къакIуэм я нэхъыбэр Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щащIэ порталым зыщрагъэтхыну хуейхэр зэрыарар. Ар езыр-езыру къызэIузыхыжыфыр мащIэщи, Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэу МФЦ-м йокIуалIэ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновационнэ зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** къыхигъэщащ МФЦ-м и лэжьыгъэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы ди республикэм и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ къалэн пыухыкIахэр зэригъэзащIэр, Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэхыныр куэдкIэ нэхъ псынщIэ зэращищIыр.

* * *

Парламентархэр зэгурыIуащ КъБР-м и Парламентым и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр 2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м ирагъэкIуэкIыну.

А махуэм депутатхэр хэплъэнущ «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым 2021 гъэмрэ 2022, 2023 гъэхэмрэ ятещIыхьа и бюджетым теухуауэ» КъБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI **Байдаев Сэлихь** къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ республикэм къыщагъэсэбэп «Интернет» сетым цIыхухэр къызэрыпыщIамрэ абы щызэIэпахымрэ теухуауэ Парламентым и Президиумым и унафэр гъэзэщIа зэрыхъуар.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Хъыбар гуапэ

## Зыпэрыта къулыкъур къыхуагъэфэщэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм щекIуэкIащ ди республикэм и къалащхьэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и еблanэ зэхуэсыгъуэм и етхуанэ сессиер. Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ къулыкъум пэрыувэну хуейхэм я зэхьэзэхуэм цIыхуитху хэтащ. Зэпеуэм щытекIуащ а IэнатIэр къыхуэнэжащ Ахъуэхъу Таймураз.**



ДЕПУТАТХЭР псори зэдэарэзыуэ, ди республикэм и къалащхьэм и администрацэм и Iэтащхьэу сессием щыхахыжащ Ахъуэхъур. Налшык округым и къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, кърагъэза дзыхьым папщIэ Ахъуэхъу Таймураз фIыщIэ яхуищIащ депутатхэм икIи жиIащ пщэрылъ къыщащIхэмрэ зыхуагъэувыж къалэнхэмрэ зэфIахын папщIэ хузэфIэкI псори ищIэну зэрыхьэзырыр.

Ахъуэхъу Борис и къуэ Таймураз 1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу иIэщ: 1995 гъэм абы ехъулIэныгъэкIэ къиухащ Ломоносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт университетым и «Социологие» къудамэр, 2003 гъэм - Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал университетым и «Юриспруденция» факультетыр. 2003 гъэм абы пхигъэкIащ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат диссертацэр.

Илъэс 15-м щIигъукIэ ар налог IуэхущIапIэм щылэжьащ, къулыкъущIэ IэнатIэхэми пэрыту: Урысейм и ИФНС-м КъБР-м щиIэ къудамэ №1-м (Налшык) и унафэщIым и къуэдзэу, Урысейм и ИФНС-м и Налшык къудамэм и унафэщIу, Урысейм и ИФНС-м КъБР-м щиIэ къудамэ №2-м (Бахъсэн) и унафэщIу.

2015 гъэм и гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ ар лэжьащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу. 2015 гъэм и щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 2016 гъэм и жэпуэгъуэм пщIондэ ар щытащ Федеральнэ казначействэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIу. 2016 гъэм и щэкIуэгъуэм ар хахащ ди республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу, 2017 гъэм и бадзэуэгъуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу.

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзащIэну ягъэуващ 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м икIи а гъэ дыдэм мэкъуауэгъуэм и 8-м а къулыкъум пэрагъэуващ. 2021 гъэм и жэпуэгъуэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу щытащ. 2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м ар аргуэру хахыжащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэу.

2019 гъэм щегъэжьауэ Ахъуэхъур хэтщ ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ совету УФ-м и Президентым и деж щыIэм, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и секретарщ, «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ щIыналъэ жылагъуэ егъэблэгъапIэм и унафэщIщ.

2008 гъэм Ахъуэхъу Таймураз къыхуагъэфэщащ «Отличник ФНС России» дамыгъэ лъапIэр, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр. Унагъуэщ, къуищ иIэщ.

✩ Ди къуэш республикэхэм

## Зэкъуэтыныгъэм куэд елъытащ

АДЫГЕЙ. ***АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат яхуэзащ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ советым хэтхэм. УнафэщIым къыхигъэщащ абыхэм я зэдэлэжьэныгъэ купщIафIэм и фIыгъэкIэ Адыгейм лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэ зэрыщымыIэр, дин зэмыщхь зезыхьэ цIыхубэр тыншу зэрызэгурыIуэр.***



«ПСОМ хуэмыдэу пандемием и лъэхъэнэм ди зэкъуэтыныгъэм, зыр зым зыщIэдгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, дэ цIыхухэм дадэIэпыкъун хуейщ, дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэ зэрихьыр ищIэжу», - жиIащ КъумпIылым.

Коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрежьэрэ хуабжьу гупцIанэу, жыджэру зыкъагъэлъагъуащ волонтёр щIалэгъуалэм. Абыхэм пенсионерхэм, никъуэдыкъуэхэм, бынунагъуэшхуэхэм, зеиншэхэм зыхуэныкъуэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыщIагъакъуэ. Дин, лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я фIыщIи абы зэрыхэлъыр дыщIигъуащ Iэтащхьэм.

### Лъышэ станцие яухуэ



КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2022 гъэм и пэщIэдзэм Черкесск къалэ сымаджэщым къыщызэIуахыну я мурадщ лъышэ (кислород) станцие. Абы папщIэ КъШР-м къыIэрыхьащ федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэ. АбыкIэ станциер яухуэнурэ, лъышэр медицинэ IуэхущIапIэхэм зэрыIэрагъэхьэ системэри зэтраублэнущ. Иджыпсту а Iуэхухэм ятеухуа дэфтэрхэр ягъэхьэзыр.***

ЗЭРЫХУАГЪЭФАЩЭМКIЭ, станцием зы жэщ-махуэм кислород тоннитI къыщIигъэкIынущ. ИужькIэ Усть-Жэгуэтэ сымаджэщми етIуанэ станцыр щаухуэну зэрамурадыр жиIащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI Аргун Мурат.

### «Абхъазфед»-р мэлажьэ

АБХЪАЗ. ***ЩэкIуэгъуэм и 14-м Тыркум и Измит къалэм щекIуэкIащ Абхъаз щэнхабзэ центрхэм я федерацэм и VII зэхыхьэр. Абы хэтащ Абхъаз Парламентым и УнафэщI Кварчие Валерий зи пашэ лIыкIуэ гупыр.***

ТЫРКУМ и къалэ, щIыналъэ зэхуэмыдэхэм абхъаз щэнхабзэ центру 17 щолажьэ. Кварчие зэрыжиIамкIэ, ахэр хуабжьу дэIэпыкъуэгъу мэхъу Абхъазымрэ Тыркум щыпсэу я лъэпкъэгъухэмрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ.



АР-м и Президентым и УнафэкIэ, «Абхъазфед» зэгухьэныгъэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, абхъаз хэхэсхэм я хэкум ягъэзэжыным, абхъазыбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщIэным зи гуащIэ ин хэзылъхьа Акусбэ Атанур хуагъэфэщащ «Ахьдз-Апша» орденым и III нагъыщэр.

ЗэIущIэм хэтхэм IэIэткIэ зэдэарэзыуэ хахащ дяпэкIэ «Абхъазфед»-м и тхьэмадэу лэжьэну Махарие Мурат.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

**Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэр щызэблэум деж абы къыдэкІуэ Іуэху гугъусыгъухэм хэплъэну лэжьакІуэ гупым хэтхэр къэщтэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэщтэн гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэр щызэблэум деж абы къыдэкІуэ Іуэху гугъусыгъухэм хэплъэну лэжьакІуэ гупым хэтхэу мы унафэм щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэр щызэблэум деж абы къыдэкІуэ Іуэху гугъусыгъухэм хэплъэну лэжьакІуэ гупым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкІа унафэ №23-РГ-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ** **КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м*
*№1154-РГ*

***2021 гъэм щэкІуэгъуэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Унафэ №154-РГ-мкІэ къащтащ***

### Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьыгъэр щызэблэум деж абы къыдэкІуэ Іуэху гугъусыгъухэм хэплъэну лэжьакІуэ гупым ХЭТХЭР

**КІуэкІуэ К. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(лэжьакІуэ гупым и унафэщІщ)*

**Къуныжь М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр *(лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

**Азубэч М. ТІ.** - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**АкІэжь М. М.** - Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Алътуд З. В.** - Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Ахъуэхъу Т. Б.** - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Іэхъуэбэч Щ. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрыр

**Бабаев А. М.** - Урысей Федерацэм СледствиемкІэ и комитетым и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Башиев М. А.** - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

**Безниковэ И. С.** - «Газпром межрегионгаз Нальчик» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым экономикэмрэ финансхэмрэ епха ІуэхухэмкІэ и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Бэрбэч А. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

**Быф Б. Хь.** - ЩІыуэпс, технологие, атом кІэлъыплъыныгъэмкІэ къэрал къулыкъущІапІэм и Кавказ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Вындыжь Р. Хь.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**ГуэбэщІыкІ А. Ю.** - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Какваевэ Л. Э.** - ЩэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цІыхум псэукІэ тэмэм къыхузэгъэпэщынымкІэ Федеральнэ ІуэхущІапІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм санитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Калабеков А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къуэдзэр

**Къардэн Н. М.** - Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Кожухов К. В.** - Май муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Котченкэ Р. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(лэжьакІуэ гупым и секретарыр)*

**Кочергин Д. А.** - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Къумахуэ А. В.** - Къэрал антимонопольнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Максимов М. Е.** - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Мэкъуашэ А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупІэ ІэнатІэм кІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

**Ует А. З.** - Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Уэрэзей А. Хь.** - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Павлов В. П.** - къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

**Псынокъуэ Т. А.** - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Сысоенков А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**ІутІыж Ш. Б.** - Къэрал казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Шэт А. М.** - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Ефэнды О. А.** - Суд приставхэм я къэрал къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Егъэн А. А.** - «Урысей сетхэр - Кавказ Ищхъэрэ» акционер зэгухьэныгъэм и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и унафэщІым и япэ къуэдзэр - инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

# Насыпщ Іулыдж къызэрыпхуащІыр зыдэпщІэжу дунейм утетыныр...

**Лъэпкъым хуищІэр Іуэхутхьэбзэу къыщимыхъуу хьэкъ зыщызыщІыж цІыхур лІыфІщ. КъыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэхэм зэгуэр абдеж блэкІыр игъэгуфІэнщ жиІэу жыг хэзысэр лІыфІщ. Сеущиемэ, акъыл къыхихынщи, нэгъуэщІым ещхьэпэжынщ жызыІэр лІыфІщ. СыкъызыхэкІа лъэпкъым гъащІэ гъуэмылэ хуэхъунщ жиІэу и пщэдейрей махуэхэм щапхъэ хъун жылэ ІуэхущІафэшхуэхэр, къытегуплІэ хьэлъэхэм емылъытауэ, зэфІэзыхыфыр лІыфІщ. УсакІуэджэгуакІуэ цІэрыІуэм и псалъэкІэ жыпІэмэ, лІыфІ нэщэнэхэр мащІэкъым, куэду къыпщызыгъэхъу и фэмкІэ къызэгъэдзэкІын хуейуэ ара къудейщ. Мы тхыгъэр зытеухуар лІыфІщ, адыгэжьхэм я жыІауэ, нэгъэсауэ жылэлІщ. Абы и цІэр адыгэ тхыдэм дыщэпскІэ езы дыдэм и ІуэхущІафэхэмкІэ хитхэжащ. И гугъу ящІауэ дахэкІэ темыпсэлъыхьа къэгъуэтыгъуейщ. АтІэ, насыпкъэ, щІы хъурейм щикъухьа адыгэм Іулыдж къызэрыпхуищІыр зыдэпщІэжу дунейм утетыныр? Адыгэ нанэхэм зы псалъэ дахэ жаІэ: апхуэдэм Тхьэр етащ!**

ЦІЫХУР зришалІэу зы гуращэмрэ зы гупсысэмрэ хуэзышэ пашэр лъэпкъым къыщыхэкІыр зэзэмызэ дыдэщ. ЛІэщІыгъуэм кърибыдэу зэ е тІэу къэхъуу аращ. Адыгэм и насып кърихьэкІри, Джарым Аслъэн къыхэкІащ. Хэкурыс адыгэхэми хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми абы и цІэр ІуэхугъуитІым епхауэ къраІуэ: ар, япэрауэ, Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щытащ, етІуанэрауэ, зауэ мафІэсым и курыкупсым хиубыда ди лъэпкъэгъухэр, нобэ махуэхьэблэдэс адыгэкІэ дызэджэхэр, Косовэ щІыналъэм кърищыжу хэкум къэзышэжар аращ. ПфІэкІуэдар къыщыплъыхъуэжым деж псэм телъ гугъуехьым ещхьу екІуэкІащ Косовэ зауэзэрылІым хиубыда ди лъэпкъэгъухэр къызэрыхашыжынум пэплъэу дунейм адыгэу тетым абы щыгъуэ ягъэкІуа зэманыр. Дуней лъагъукІэкІи, Іуэху бгъэдыхьэкІэкІи, жылэ гупсысэкІи зэмыщхь цІыхухэр а Іуэхугъуэм апхуэдизкІэ зэкъуигъэувати, Косовэ щыпсэу адыгэхэр абы къимышыжыным кърикІуэнур зыхуэдэр зыхэпщІэрт. Абы щыгъуэщ гурыщІэ къызэщІэплъар техуэрабгъу дыдэу зыгъэІэсэжа Джарым Аслъэн лІыфІ цІэр къыщилэжьар. Абы и фІыгъэщ лъэпкъ щІэжыр нэхъ иныжу къызэрызэщІэрыуар.

Мы махуэхэм Джарым Аслъэн и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирикъуащ. Адыгэм цІыхум жьантІэр щыхуигъэфащэ ныбжь дахэщ. Къэрал къулыкъумрэ щІэныгъэмрэ екІуу зэдэзыхьа Джарым Аслъэн Адыгэ Республикэм и Президент ІэнатІэр къыхуамыгъэфащэ щІыкІэ, урип-лъэжмэ лей мыхъуну гъуэгуанэ дахэ къикІуащ. Къэрал икІи жылагъуэ лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса и академием, ИнформатизацэмкІэ Дунейпсо академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо



Адыгэ академием я академик, Дунейпсо зэхущытыкІэхэмкІэ къэрал институту Мэзкуу дэтым (МГИМО-м), Адыгэ къэрал университетым щІыхь зиІэ я профессор Джарым Аслъэн Алий и къуэр 1939 гъэм Адыгэ Республикэм хыхьэ Еджэрыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. КъызыхэкІар зи хьэщІэщыбжэр цІыхум хузэІуха, «я цІыхугъэр я пщІантІэкум къыщоудж» жыхуаІэ адыгэ унагъуэщ. И адэ Алийрэ и анэ Абрэджхэ япхъу ЦуркІэрэ пщІэ къыхуащІу, зы Іуэху гъунэ изолъри, схузэхэвублэну сривылъэІуакІуэщ жаІэрэ чэнджэщакІуэ къыхуэкІуэу щытащ. ЗэгурыІуэ зэрылъ унагъуэм гуащІэдэкІ хьэлэлыр сытми ипэ ирагъэщырт, пэжымрэ захуагъэмрэ ищхьэкІэ зыри ягъакІуэртэкъым. Алийрэ ЦуркІэрэ яхузэфІэкІащ быныр адыгагъэм и щапхъэхэм щІапІыкІын, цІыхугъэм и фащэри щатІэгъэн. ЗыхэпсэукІ гъащІэм щІэныгъэ щыуимыІэмэ, щыпкІунур зэрымащІэр пасэу къызыгурыІуа Алий щІалэхэр иригъэджащ, дэтхэнэми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ.

Аслъэн адэ-анэм зыхуаущия псалъэхэм хуэпэжщ - сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрымытами, абы цІыхум и хьэкъыр сытми ипэ иригъэщащ, лъэпкъым и пащхьэ щихь пщэдэкІыжыр зэи зыщигъэгъупщакъым. Джарымым и Іуэху щІэкІэм хэлъ зэгъэзахуэм имытхьэкъуа щыІэкъым - псалъэр хьэулейуэ зыутІыпщу иужькІэ кІэлъыІэбэжхэм ар ящыщкъым. Джарымым и псалъэр сыт щыгъуи Іуэху къиІэтам и фащэщ, купщІафІэщ, кІуэрабгъухэр нахуэ къэзыщІ гупсысэ ящІэлъщ. Аслъэн щэн зэпІэзэрыт зэриІэм, цІыкІури инри и зэхуэдэу зэрыщытым, къызыхэкІарэ парт унэтІыныгъэкІэ цІыхур зэрызэхимыдзым акъыл жанрэ набдзэгубдзаплъэ защІэу гупыфІ кърищэлІащ, унафэ зыхуищІ щІыналъэм зегъэужьынымкІэ, щыпсэу цІыхур зыгъэгумэщІ-зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр зэфІэхынымкІэ гууз-лыуз яІэу.

Агроном-жылапхъэгъэкІыу къежьэри, къэрал къулыкъум епхауэ зы ІэнатІэ къигъэнакъым Джарымыр зыпэрымыта. ЛэжьыгъэкІэ зэрыпсэемыблэжыр къалъытэри, КПСС-м и Адыгэ обкомым и япэ секретарым и ІэнатІэр зыІыгъ Джарымыр 1990 гъэм Адыгэ автоном областым и цІыхубэ депутатхэм я Советым и Іэтащхьэу хахауэ щытащ. Мис абдеж къыщожьэ иджырей Адыгэ Республикэм и тхыдэр. Жыжьэ плъэ, зэхъуэкІыныгъэхэм я акъужь къыкъуэуам пхыплъыфа щІалэм щІэх къыгурыІуащ щыпсэу щІыналъэм и къэкІуэнур адыгэм езым зэрелъытар, абы и гупсысэр Урысейм хэгъэгу щхьэхуэу хэт щІыналъэ къызэгъэпэщыным хуэшэн зэрыхуейр.

Дауи, апхуэдэ еплъыкІэр цІыхум къыщІыбдащтэн щхьэусыгъуэ щыІэн хуейт. А щхьэусыгъуэхэр Джарымми тегъэщІапІэ ищІыфащ, абы теухуа политикэри дахэу ишэщІыфащ. Псом япэрауэ, Адыгэ автоном областым и бюджетыр зэрыщыту Краснодар щІыналъэм къикІырт, ар къазэрылъэІэсри «къыдэхуа» бгъэдыхьэкІэм тетут. Экономикэмрэ жылагъуэ псэуныгъэмкІэ куэдкІэ ипэ ища Краснодар щІыналъэм жимыІэ щхьэкІэ, Адыгэ автоном областыр «илъэфу» арат, зыузэщІыпІи зыукъуэдиипІи иримыту. ЕтІуанэрауэ, къыщыхъуа щІыналъэм исыж пэтми, къэзыухъуреихь лъэпкъхэр куэдкІэ къебэкІ, абыхэм мащІэ-мащІэурэ адыгэр хэшыпсыхьыжу зэрыхуежьам къызэрыхэкІын Іэмалхэр къэлъыхъуэн хуейт. Мис ахэр псори къилъытэри, Джарым Аслъэн цІыхубэ депутатхэм я пащхьэ кърилъхьащ Краснодар щІыналъэм къыхэкІыу Республикэ щхьэхуэу заужьын зэрыхуей гупсысэр. Гугъукъым уи нэгу къыщІэбгъэхьэну Республикэ хъуа щІыналъэм и жылагъуэ-экономикэ щытыкІэр зыхуэдэу щытар - ар икІэщыпІэкІэ къэІэтын хуейт. Мыбдеж Джарымым зэрихьа Іущыгъэр нобэми куэдым ягъэщІагъуэ, социологие щІэныгъэми куэдрэ къихутэн Іуэхугъуэу щытщ. Джарымыр областыр къызыхиша Краснодар щІыналъэм хуиІэ пыщІэныгъэхэр пичакъым, атІэ къэунэхуагъащІэ республикэм щыщыІэ щытыкІэр зэпІэзэрыт щІын щхьэкІэ, абы и экономикэжылагъуэ лъэкІыныгъэр къигъэсэбэпащ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ щыхипщащ. Арыххэуи, зыхэхуа щыІэкІэщІэр цІыхубэм хьэлъэ ящыхъуакъым, щІэх есащ. Адыгэ Республикэр нобэ Джарымым пхиша гъуэгум тетщ, Краснодар щІыналъэм хуиІэ пыщІэныгъэхэр нэхъри игъэбыдэу.

Адыгэ Республикэр зэфІэува нэужь, Джарымым къыхилъхьэу япэу зэфІиха Іуэхугъуэхэм ящыщщ хамэщІ ис ди лъэпкъэгъухэм Хэкум къагъэзэжынымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъун комитет къызэрызэригъэпэщар. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къешэлІэжыным зи лэжьыгъэр теухуа комитетым хузэфІэкІащ УФ-м Хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэхэр хэту Къэзэгъэзэжхэм (репатриантхэм) ятеухуауэ Хабзэр зэхагъэувэн, ар Адыгэм и Къэрал Советым - Хасэм къагъэщтэн. ЩІэгъэхуэбжьауэ екІуэкІа Іуэхур игъуэм зэрызэфІэкІам и фІыгъэкІэ, зауэм зэщІищта Косовэ щІыналъэм кърашыжри, Адыгэ Республикэм, щэбжыгъэкІэ ди лъэпкъэгъу репатриантхэр къихьэжауэ щытащ.

Президент ІэнатІэм щытета пІалъэм къриубыдэу, Джарым Аслъэн щІэгъэкъуэн ин яхуэхъуащ Куржым зауэ зрищІылІа абхъазхэм. Джарымым иригъэкІуэкІа мамырщІэкъу политикэм и фІыгъэкІэ, «Кавказым мамырыгъэр зэрыщигъэбыдэм папщІэ» дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Апхуэдэу, Адыгэ Республикэм и япэ Президент Джарым Аслъэн и жэрдэмрэ и акъылрэ хэлъщ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 130-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу, 1994 гъэм накъыгъэм и 21-м, УФ-м и Президент Ельцин Борис адыгэхэм закъыхуигъазэу ищІауэ щыта Джэпсалъэм. Абы къыхэщауэ щытащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ирагъэкІуэкІа зауэр щхьэхуитщІыжакІуэ зауэу зэрыщытар, пащтыхьыдзэм лей зэрызэрихьар. Кавказым щекІуэкІ жылагъуэ-политикэ гъащІэм хэлъ зэщымыщхъухэр а псалъэхэм яужь нэхъ сабырыжауэ щытащ.

1997 гъэм Джарым Аслъэн Адыгэ Республикэм и унафэщІу етІуанэу хахыжащ. Лъэ быдэкІэ ува Адыгэ Республикэм иджы Іэмал игъуэтащ и гупэр егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хуигъэзэн. Джарымыр щытета етІуанэ пІалъэр егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр институтыр дуней псом къыщалъытэ къэрал университет щыхъуар, лъэпкъ щІэныгъэхэр щрагъэдж къудамэр щхьэхуэу къыхагъэкІыу егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хуэгъэпса центр щащІар.

Джарым Аслъэн Президент ІэнатІэм щыпэрыта илъэсхэрщ «Ислъэмеймрэ» «Налмэсымрэ» зыщаужьар, ехъулІэныгъэшхуэхэри щызыІэрагъэхьар.

Зэчий зыхэлъ цІыхур лъэныкъуэ куэдкІэ зэчиифІэщ, жаІэ. Джарымри абыхэм ящыщщ. Иджыри студенту спортым дихьэхри, ехъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьауэ щытащ. Ар СССР-м самбэмкІэ спортым и мастерщ, Урысейм дзюдомкІэ и чемпионщ, СССР-м пашагъэр къыщыхьыным и призёр хъуащ.

Адыгэ Республикэм и япэ Президентыр а ІэнатІэм пэрыкІыжа нэужь, Аслъэн Болгарием и Варнэ къалэм УФ-м и лІыкІуэу ягъэкІуауэ щытащ. Абдежми Джарымым и гуащІэ ин хилъхьащ лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ зэфІэува къэрал зэхущытыкІэхэр хъумэным, Урысеймрэ Болгариемрэ я зэкъуэшыныгъэмрэ зэпыщІэныгъэмрэ гъэбыдэным.

Хэкум гулъытэншэ ищІакъым Джарым Аслъэн къэралымрэ хэгъэгумрэ зауэжьыным хуэунэтІауэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр. Абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и IV нагъыщэр, «Зэныбжьэгъугъэ», «ЩІыхьым и дамыгъэ», «ЩІыхьымрэ щытхъумрэ» орденхэр, «Адыгэ Республикэм и ЩІыхь» медалыр.

Зи цІыхугъэм зиІэт зэпыту зи гъащІэр нобэм къэзыхьэса адыгэлІым хужыпІэ хъунур мащІэкъым. Ауэ жаІэну псом ящхьэщ лъэпкъым урибын щыпкъэу укъызэрилъытэр, уи цІэр щапхъэу къызэрихьыр. Ди нэхъыжьыфІым къыхужаІэ псалъэхэр и гуащІэрэ и лъэкІкІэ къилэжьащи, узыншэу иджыри ди япэ итыну ди гуапэщ.

**ТАБЫЩ Мурат.**



## Унагъуэ фермэхэм зрагъэужь

**КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа зэпеуэм ипкъ иткІэ, унагъуэ фермэхэм зэрызрагъэужьыну мылъкур (субсидиехэр) ятынущ.**

ЗЭПЕУЭМ хэтащ фермэ 79-рэ. Абыхэм ящыщу къыхаха фермэ 15-м грантхэр хуагъэфэщащ.

Къэрал дэІэпыкъуныгъэу къаутІыпщащ сом мелуан 53,2-рэ: федеральнэ бюджетым къыхэкІащ сом мелуан 49,5-рэ, адрей сом мелуани 3,7-р республикэ мылъкум щыщ.

Къэрал дэІэпыкъуныгъэр зыхуагъэфэща фермэхэм къалэн щащІащ ІэнатІэкІэ цІыху щырыщ къызэрагъэпэщын хуейуэ икІи илъэситхум кърикІуэкІэу унагъуэ фермэхэм я Іуэхухэр ирагъэфІэкІуэну.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэн жиІащ грантыр зратахэм къагъэщхьэпэну, апхуэдэуи Іэщ гъэхъуным елэжьхэм я бжыгъэм хэхъуэну зэрыщыгугъыр.

## Аушыджэр къуажэм амбулаторэщІэ щаухуэ

**Шэрэдж щІыналъэм хыхьэ Аушыджэр къуажэм амбулаторэщІэ щаухуэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭР къызэрагъэпэщащ икІи ирагъэкІуэкІ «Узыншагъэм щыкІэлъыплъ къэрал ІуэхущІапІэхэр зэгъэпэщыжын» программэм ипкъ иткІэ. Ухуэныгъэм и инагъщ метр зэбгъузэнатІэу 586,5-рэ. Мылъкуу текІуэдэнущ сом мин 49317,58-м нэблагъэ.

АмбулаторэщІэ къуажэм щаухуэ абы дэтыр, 1938 гъэм къызэІуахауэ щытар, кхъахэ зэрыхъуам къыхэкІыу.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**





# Пхъэхуей 300 хасэ

**«Мэртэзей» жыг хадэр ящІын зэрыщІадзэрэ илъэсищ хъуами, ирагъэфІакІуэ зэпытщ.**

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙДЭСХЭМ фІыуэ ялъэгъуа зыгъэпсэхупІэ паркым иджыри куэд иращІэну я мурадщ. Псалъэм папщІэ, аргуэру зы лъэс лъагъуэм плиткэ екІу тралъхьэу тетІысхьэпІэхэр трагъэувэну траухуащ. А лъагъуэм и бгъуитІыр удз гъэгъахэмрэ жыгыщІэ цІыкІухэмкІэ ягъэдэхэнущ. Сабийхэм джэгупІэ щхьэхуэ хуащІынуи къыщыгъэлъэгъуащ проектым.

Тэрч къалэ администрацэм и унафэ щыІэщ паркым ит жыгыжьхэмрэ хэгъукІахэмрэ ираупщІыкІыу жыгыщІэхэр хасэну.

ЗэрыжаІэмкІэ, мы бжьыхьэм зыгъэпсэхупІэ паркым пхъэхуей жыгыщІэ цІыкІуу 300 щагъэтІысынущ.

Зи гугъу ящІа Іуэхухэр дяпэ мазитІкІэ яухыну я мурадщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Мэзхэм зрагъэужьыж

**Ленинград областым и мэзхэм иджыри гектар минрэ ныкъуэрэ къыхагъэхъуащ. А щІыналъэм жыг мелуаниплІым щІигъу щыхасащ «Мэзыр тхъумэнщ» Урысейпсо акцэм хыхьэу. Ар а ІуэхуфІым хыхьэу Урысейм щыхаса жыг псоми я процентI 6,5-рэ мэхъу.**

ЛЕНИНГРАД областым щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ и комитетым зэрыщыжаІамкІэ, а щІыналъэм и щІыгулъым нэхъ езэгъ жыг лІэужьыгъуэхэрщ абы щыхасар - псейхэмрэ уэздыгъейхэмрэщ. Лэжьыгъэхэр областым щыІэ мэз хозяйствэ 19-ми щрагъэкІуэкІащ.

«ЩІыуэпс» лъэпкъ проектым хыхьэ «Мэзхэр хъумэн» къэрал проектыр зэрагъэзащІэр щызэхалъхьэжым наІуэ къызэрыхъуамкІэ, илъэс блэкІам областым къэралым етхуанэ увыпІэр щиубыдащ.

## Хьэршри фейдэ хэхыпІэ ящІ

**Хьэршым хуэкІуэ гъуэгур цІыхум зэрыхишрэ илъэс 60-м щІигъуащ икІи ар абы лъандэрэ къыщегъэсэбэп ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. ЩІэныгъэлІхэм, зэрыжаІэу, махуэ къэс щІэ гуэрхэр къыщахутэ абы.**

ХЬЭРШЫР къэзыгъэсэбэпхэм иджыблагъэ яхыхьащ кино тезыххэри - «Союз» кхъухьым ису ахэр хьэршым лъатэу къызэрагъэзэжрэ куэд щІакъым. Киноиндустрием и лэжьакІуэ нэхъапэм хьэршым зэи мыкІуауэ апхуэдэ пщІэр лъагъэсащ урысей кинорежиссёр Шипенкэ Климрэ актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ Пересильд Юлиерэ.

ЦІыхухэр хуеиху хьэршым кІуэуэ хъуну жыхуаІэр пэж хъункъым, ауэ «Главкосмос» компанием зэгригъэха хъыбарым тепщІыхьмэ, туристхэр нэхъыбэу абы игъакІуэу щІидзэнущ мыгувэу. Дызэрыщыгъуазэщи, нэгузыужь Іуэху фІэкІа ямыІэу абы цІыху мызэ-мытІэу лъэтащ.

«Главкосмос» ІуэхущІапІэм «Союз МС» кхъухьыщІэ иригъэщІынущ, сом мелларди 2,8-рэ тригъэкІуадэу. «Главкосмос»-мрэ «Энергия» ракетэ-хьэрш зэгухьэныгъэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм зэрыщыубзыхуамкІэ, ар зэпкърылъхьэн яухын хуейщ 2024 гъэм и мазаем и 29-м ирихьэлІэу.

Апхуэдэ нэгъуэщІ кхъухьым теухуа зэгурыІуэныгъэ нэхъ пасэжуи зэращІылІауэ щытащ. Ар 2023 гъэм и дыгъэгъазэм и 31-м ирихьэлІэу хьэзыру щытын хуейщ. Абы трагъэкІуадэ сом мелардитхум щІигъу. Ари хуэщІауэ щытынущ туристхэр хьэршым зыплъыхьакІуэ хьыным. ІуэхущІапІэм и унафэщІ Лоскутов Дмитрий зэрыжиІэмкІэ, туристиплІ 2024 гъэм хьэршым ягъэлъэтэным теухуа зэгурыІуэныгъэ яІэу абы зыхуагъэхьэзыр.

Хьэршыр яфІэгъэщІэгъуэну абы кІуэным щІэхъуэпсхэр щыІэщ нэгъуэщІ къэралхэми. Псалъэм папщІэ, дызэрыт илъэсым и дыгъэгъазэм «Союз МС-20» кхъухьым ису хьэршым кІуэнущ Японием щыщ туристхэу Маэдзавэ Юсакурэ Хиранэ Ёдзорэ.

Мы дунейм ахъшэ къызэрыщыблэжь хъуну Іэмал псоми фІэкІыжауэ хьэршым зыщыплъыхьыным зыщрагъэужькІэ, абы мылъкушхуэ къыпэкІуэу шэч уегъэщІ, ауэ текІуадэри зэрымымащІэр гурыІуэгъуэщ.

## Нобэ

**♦Зэхудэчыхыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Проект зыщІым и урысейпсо махуэщ**

**♦Таджикистан Республикэм и президентым и махуэщ**

**♦Исландием щагъэлъапІэ я лъэпкъыбзэм и махуэр**

♦**1921 гъэм** Москва къыщызэІуахащ литературэ-художественнэ институт нэхъыщхьэр.

♦**1933 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ дипломатие зэпыщІэныгъэхэр яку дэлъ хъуащ.

♦**1942 гъэм** «За Советскую Кабардино-Балкарию!» листовкэр къыдагъэкІыу щІадзащ.

♦**1943 гъэм** Яхэгуауэ Михаил Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦**1950 гъэм** Польшэм и къалащхьэ Варшавэ къыщызэІуахащ мамырыгъэм и телъхьэхэм я II Дунейпсо конгрессыр. Абы къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Мамырыгъэм и Дунейпсо Советыр.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъынэ Хьэсэнбий.**

♦**1943 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъарэ Хьэсэнбий.**

♦**1957 гъэм** къалъхуащ оперэ уэрэджыІакІуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я артист **Батыр Мухьэдин.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Гум имылъ жьэм къиІуатэркъым.**

# Сабиймрэ таурыхъымрэ

**Лъэпкъым пщэдей иIэкъым, абы кIуэну нобэрей щIэблэм уадэмылажьэмэ, я зэхэщIыкIымрэ дуней лъагъукIэмрэ зумыгъэужьмэ, лъэпкъыпсэ яхыумылъхьэмэ. Абы и Iуэхук1э мыхьэнэшхуэ зиIэ, ХьэцIыкIу Рае къыхилъхьа гупсысэм адэкIэ къыпыдощэ.**

ХАМЭ къэрал мультфильмхэм я зэран мымащIэу къалъос хъыджэбз цIыкIухэм. Адыгэм и гурыIуэныгъэмкIэ, ахэр укIытэхыу, я нэ ирахьэхыу, щабагъэ яхэлъу, Iэдэбу псалъэу щытын хуейщ. Таурыхъхэм сыт щалъагъур? Хъыджэбз цIыкIуу щытын хуейхэм я Iэпкълъэпкъыр балигъ Iэпкълъэпкъщ, щIыкIэ яхэлъкъым, я нэгум укIыти фIэлIыкIи къиищыркъым, щыпкъагъ жыхуаIэм хуэхейщ. Психологхэм зэратхымкIэ, апхуэдэ мультфильмхэр зытращIыхьыр еплъхэм цIыху тэмэмым и хьэл-щэнрэ щытыкIэрэ ямыIэнырщ, акъылыншэу, щIыкIэншэу къэхъунырщ. Ари къэралым, абы ис лъэпкъхэм зэрезауэ Iэщэу мэув. Еплъахэм я нэгу къыщIрегъэхьэж «Шрек» хэт Фионэ и зэуэкIэр: щысхьыншэу, Iэзэу, фIэфIыпсу. Дэтхэнэ сабийра апхуэдэ дыдэу а Iуэхур къехъулIэну щIэмыхъуэпсынур? ЗыпащIыжынущ, яужь ихьэнурэ загъэсэнущ, гупсэхуу принцессэм кIэлъыплъынущ, и зэуэкIэм и щэхухэм гу лъатэу.

Хъыджэбз хущытыкIэкъым Шрек, къэпыжь хуэдэу, Фионэ и плIэм илъу щихьыр. «Зыкъыпригъэхыурэ» жьэхоуэIуэри егъэлъей, принцессэр къуацэ-чыцэм хохуэ, адрейми ар игу ирохь.

Псом хуэмыдэу хъыджэбз цIыкIухэр лIыхъу щытыкIэм хуэзыгъасэр фантастикэ жанрым иту Амери-кэм щызэхалъхьа мультфильмхэращ. Абыхэм щалъагъумрэ щызэхахымрэ щапхъэ зыхуэхъу сабийхэм я балигъ гъащIэм зэраныгъэшхуэ хэзылъхьэн Iуэху еплъыкIэ ягъуэт. ЦIыхубзри цIыхухъури къызыхуигъэщIам темыту, къызыхуимыгъэщIам щIытехьэм ари дэIэпыкъуэгъу хуэхъуу психологхэм къагъэлъагъуэ. Сабий психологхэм къызэралъытэмкIэ, мультфильмхэм сабийр балигъ зэхущытыкIэм тезышэ, езыгъэгупсыс теплъэгъуэхэр щыхэтым деж, а ныбжьым итым и гупсысэр, зэфIэкIыр зыпэмылъэщын къыпагъэуву аращи, абы и псантхуэр ныкъуэдыкъуэ ещI. Балигъ хъууэ унагъуэ иухуэным Iуэхур нэса иужь, ар къехъулIэжыркъым, насыпыншэ мэхъу.

Телевизорым «кIэрыпха» сабийм и хьэлым зэрызидзым, сыт и лъэныкъуэкIи мыадыгэ псэлъэкIэм зэрытехьэм япэ дыдэу къигъэуIэбжьын хуейр унагъуэм исхэращ. Я жьэм къыжьэдыхьэр жаIэмэ, укIытэ ямыIэу зызэкIэщIашмэ, гущIэгъу зэрахэмылъыр къозыгъащIэ щытыкIэ нэхъ цIыкIухэм, псэущхьэхэм хуаIэмэ, балигъхэм жаIэнущ: зэщхь хъуар къытхуэщIэркъым, дэ апхуэдэ едгъэлъагъуркъым икIи зэхедгъэхыркъым. Зэщхь хъуар аращ - яфIэфIыпсу зрагъэплъа хамэ къэрал мультфильмхэм я лIыхъужь зыкIи ди лъэпкъым и щхьэхуэныгъэхэм къытемыхуэм техьащ. Къытепшыжыфыну?

Сыт хуэдизкIэ еса мыхъуами, сабийр жэщи махуи мультфильм еплъыркъым. Абы къыбгъэдэзыш щхьэусыгъуэхэр щыIэщ. Сабий садым макIуэ, хьэблэ цIыкIухэм щадэджэгуи къыхуохуэ. Нэхъыщхьэу сабийр зыхуэныкъуэри Iэмалыншэу къэуври адэ-анэм зэман дагъэкIуэнырт, уэршэрэгъу къыдэхъунырт, ауэ нэхъ мащIэ дыдэу абы и гъащIэм хэтыр адэ-анэрщ. Ахэр хунэсыркъым быным дэщIыгъуну. Я Iуэху хуэкIуэркъым: лэжьапIэ, унагъуэ къалэн, хабзэ щIэн, ныбжьэгъу-жэрэгъухэм зэман яхухэхын. Сабийращ мыдауэр, мыбиер. ХуащI и унафэщ. Нэхъ цIыкIуху.

Сабий садым кIуа цIыкIухэм я щытыкIэм, псэлъэкIэм сабий зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэм хэмызагъэ гуэрхэр къыхэпшэхъуауэ гу щылъатэкIэ, гъэсакIуэхэр яужь йохьэ епсалъэурэ, а ныбжьым фIэхьэлэмэтын хуей Iуэху гуэрхэм хашэурэ тэмэмыпIэм ирагъэувэжыну. Къару ирахьэлIэм ехъулIэныгъэ лъэпкъ къызэрыпэмыкIуэр ялъэгъуа нэужь, адэ-анэм зыхуагъазэ сабийм дохутыр къыкIэлъагъэплъын хуейуэ чэнджэщ ирату. Сыт щIрагъэлъагъунур? Сабийм зыри и лажьэкъым. КъэгубжьыгъуафIэу, псалъэ дыдж къыжьэдэкIыу ара? Арамэ, гъэсакIуэр, егъэджакIуэр кIэлъреплъ и жагъуэ къамыщIыным, фIэмыфI къэрамыщIэным. Лей къылъысмэ, къэгубжьурэ жимыIэн жеIэ, зызэримыщIын зещI. АдыгэбзэкIэ мыпсалъэу ара? ФIэфIкъыми псалъэркъым. «Я ненавижу этот ваш кабардинский язык», - жеIэ. Хуейкъым адыгэбзэм, къызэралъхурэ зэрыпсалъэр урысыбзэщ. Инджылызыбзи къыщыхыхьэ щыIэщ. Сыт абы щхьэкIэ специалистым щIезгъэлъагъунур? Арыншами абы адыгэбзэр зыкIи къигъэсэбэпынукъым.

Мис апхуэдэ къулейсызыгъэ мымащIэу ущрихьэлIэнущ ди нобэрей адыгэ къуажэхэм. Апхуэдэ сабийр щыпсэур мы дэ дызытет дунейр аракъым. ТелевизоркIэ зэплъ таурыхъхэм зыхаша виртуальнэ дунейм къыхэнащи, мыдэкIэ къыщинахэм жаIи ящIи къыгурыIуэжыркъым. Гущэм щыхэлъам къыщыщIэдзауэ илъэгъуа, зэхиха бзэр къищтащи, абы текIыжын хуейуэ ищIэркъым икIи елIалIэ егъэджакIуэм е гъэсакIуэм я зэфIэкIыр хурикъуркъым сабийм игъуэта гупсысэкIэри псэлъэкIэри яхъуэжыну. Таурыхъхэм яхузэфIэкIащ адыгэ сабийр адыгэ лъэпкъым щымыщ щIыныр, зейхэм ягурымыIуэжыныр, щхьэхуещагъэр и гъащIэм щытепщэ хъуныр.

Куэд мэхъу адэ-анэхэм я тыншыгъуэм тыхь хуащIа сабийр зыIууэ лъэпощхьэпор. И закъуэ дыдэу зыри псэуфыркъым. Зыгуэр уиIэн хуейщ псэлъэгъуу, дэджэгуэгъуу. Зи дунейр хъуэжа хъуа сабийр езым хуэдэхэм яхэзэгъэжыркъым. Джэгун хъумэ, абы ищIэр «уи щхьэр пысчынщ», «успIытIынщ», «узукIынщ» псалъэхэращ. Езым гушыIэу щигугъэжми, къыжьэдэкIыр и дэджэгуэгъухэр къэзыгъэгубжь, къызэщIэзыгъаплъэщ. Ауэрэ зыхамыгъэхьэу, зыдагъэджэгун ямыдэу щIадзэри, Iумпэмым Iуэхур хуокIуэ.

Псалъэмакъ щхьэхуэ ещIылIапхъэщ а урысыбзэкIэ къэпсэлъа адыгэ сабийм и урысыбзэр здынэсым. Абы къигъэсэбэпыр таурыхъхэм «къыхикъузыкIа» псалъэ гупщи, абы текIыу литературэм щызекIуэхэр къыхуэщтэжыркъым. Зэпымычу зэплъа мультфильмхэм хэта псалъэхэр зыщIишащ, и къэпсэлъыкIэкIи, щыпсалъэкIэ и Iэ, и нэкIу гъэлэжьэкIэри зэса таурыхъ лIыхъужьхэм ятриха сурэтыращ. Литературэбзэр абы дежкIэ хамэщ, и нэгу щIэкIа гуэр а и урысыбзэмкIэ къиIуэтэжыфынукъым, удихьэхауэ узригъэдаIуэу махуэ къэс гъащIэм хиубыдэ Iуэхухэм тепсэлъыхьыфынукъым, сабийхэм зэрахабзэу, зыгуэрхэр и нэгу къыщIигъэхьэу, къызыфIигъэщIу, ар уэри зыхыуигъащIэу къиIуатэу къыббгъэдэсыфынукъым. И нэгу зыгуэр къыщыщIигъэхьэми, зауэ-банэм пыщIарэ адыгэ щIыкIэм къимытIэсрэщи, абыи щызгъэужащэрэт, жозыгъэIэщ.

Апхуэдэ IэнатIэ Iуува адэ-анэхэр тIэкIуи ирогушхуэ я сабийм анэдэлъхубзэм и пIэкIэ урысыбзэр къызэрищтам. Ауэ а бзэр урысыбзэ тэмэмуи зэрыщымытыр, а тэмэмым тепшэжын щхьэкIэ дохутыр къеIэзэн зэрыхуейр а адэ-анэхэм къагуригъаIуэу еIэзэн дэнэ къитхыну?

Зи гугъу тщIы щытыкIэ шынагъуэм ихуа зы сабий и хьэл-щэн хъуар тегъэщIапIэ тщIынщ балигъхэм я зэранкIэ сабийм къыщыщIыр наIуэ хъуным папщIэ. Япэ псалъэу къыжьэдэкIар урысыбзэщ. Таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэм ещхьу, зэпишу, абы хуэкIуэу и Iэ-и лъэр, и нэкIухэр ищIу, и макъыр хъуэжауэщ зэрыпсалъэр. Балигъхэм ящыщу зригъэпсалъэри зыбгъэдигъэхьэри и анэмрэ пэщIэдзэ классым щезыгъаджэмрэщ. ЕгъэджакIуэр Iэмалыншэу и гъащIэм зэрыхэтынур къыгурыIуащи, ешэч, ауэ классым щIэс адрей сабийхэм и чэнджэщхэр къызэращтэм хуэдэу мы цIыкIур щытыфкъым. ЕджапIэм къыщыщIэтIысхьагъащIэм и еджэгъу хъуахэм яфIэхьэлэмэтт зыми имыщIэ урысыбзэмкIэ а зыр зэрыпсалъэр, нэхъ нэ лейкIэ еплъхэрт. Ауэрэ гу лъатащ абы и дунейр нэгъуэщIу зэрыщытым. Я джэгухэм хэмызагъэ, я псэлъэкIэм темыхуэ, я гушхуэкIэм лъэщIэмыхьэ ныбжьэгъур ямыгъэныбжьэгъуж хъуащ. «Уэ усабий цIынэщ, садым ущыIэн хуейщ», - щыжраIэ къохъу. Гупым хэтми, мы сабийм и закъуэ дыдэщ. Иджыпсту дэIэпыкъуэгъу игъуэту виртуальнэ дунейм къыхамышыжмэ, и балигъ гъащIэр зэрыхъунум угъэгузавэ. Абы щыгъуэми диIэ апхуэдэ IэщIагъэлIрэ щIэныгъэлIрэ, зыхуэбгъазэмэ къыбдэIэпыкъуфыну? Мыпхуэдэ щытыкIэм ит сабийхэр иджыпсту ныбжькIэ зыхиубыдэр сабий садымрэ пэщIэдзэ классхэмрэщ. Насыпыншагъэр къызэрытхыхьэрэ илъэс бжыгъэшхуэ хъуакъыми, хуеджарэ хуэхьэзыру IэщIагъэлI диIэкъым. ХуэбгъэфащIэ зэрыхъунумкIэ, щыдиIэнур зы щIэблэр тIэщIэкIрэ, къэхъуамрэ къыщIэхъуамрэ, абы узыхуишэмрэ узришалIэмрэ нэгум щIэкIа нэужькIэщ. Абыхэм якIэлъыплъурэ, зэгъэпщэныгъэ, къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыурэ, узэреIэзэ хъуну Iэмал гуэрхэр къахутэну къыщIэкIынщ. Ауэ бынаракъэ дыкъызыдэмыхуэ лэжьыгъэри унагъуэри щIызетхьэр? Нэхъыбэрэ дарыгъусэныр, псэлъэгъу дахуэхъуныр, я гъащIэм ирикъуу дыхэтыныр зэрынэхъапэр хьэкъыу тпхыкIыныращ а Iуэхум и хущхъуэгъуэ нэхъыщхьэр. Хущхъуэ лъапIэми, а зыращ Iэмалыр. Апхуэдэ гуэрщ адыгэм «цIыху зыпI цIыху уасэ хон», щIыжиIар.

ЗэкIэ яхузэфIэкIынур араши, ди сабийм я узыншагъэр тхъумэжыну, цIыхум яхэзагъэу къэдгъэхъуну дыхуейр пэжмэ, IэщIагъэлIхэм чэнджэщ къыдат. Псом япэрауэ, илъэситI иримыкъуа сабий телевизор ебгъэплъ хъунукъым. Илъэсищ иримыкъуа сабийм хузэфIэкIыркъым зэуэ дэIуэнри, зэхэхынри, зыгъэхъеинри. Аращ экраным етIысылIа нэужь псалъэмакъи, Iэуэлъауи зэхамыхыу, мыхъейуэ щIыщысхэр. Апхуэдэ щытыкIэм зэкIэлъыпыту ит сабийм зигъэхъеин и жагъуэу, и псэлъэкIэр зэкIэлъымыкIуэу, и нэ жанагъым кIэрыхуауэ, и пIащагъым хэхъуауэ, и псантхуэмрэ губзыгъагъымрэ я зыужьыныр хуэм хъуауэ, бэлыхь хохуэ.

Илъэсищ нэужьми хэплъыхьурэ къыхухаха таурыхъхэм еплъу фIэкIа, зэман кIыхькIэ бгъэдэс хъунукъым. Зы махуэм нэхъыбэ дыдэу телевизор еплъыным сабийм тригъэкIуэдэн хуейр сыхьэтрэ ныкъуэрэщ. Ари узыншэмэ. Сымаджэу щытмэ, емыплъыххэныр е нэхъ мащIэжу еплъыныращ тэмэмыр.

Нэм и узыншэным теухуауэ Iуэхум убгъэдыхьэмэ, сабийр нэхъ гувауэ телевизор еплъыным пэрыхьэху, нэхъыфIщ.

ИкъукIэ зэраныгъэ къэзышэщ сабий цIыкIур и закъуэу телевизорым пэрагъэтIысхьэу балигъхэм лъэныкъуэ зрагъэзыжыныр. А зэплъым и гъусэу утепсэлъыхьмэщ щекIуэкIыр зэхэхауэ къыщыгурыIуэр. Илъагъум теухуауэ сабийм игъэув упщIэхэм жэуап нэс игъуэтыпхъэщ. Таурыхъыр иуха нэужь абы тепсэлъыхьыжыпхъэщ. Сыт къыщыхъуа, тэмэмт лIыхъужьхэм я щытыкIэр, ялэжьа Iуэхухэр, я псэлъэкIар? Дауэ ящIам нэхъыфIт? Абы щыгъуэхэми адэ-анэр а таурыхъым сабийм япэ еплъауэ, зытеухуамрэ хэт лIыхъужьым я шыфэлIыфэмрэ ищIэущ зэрыщытын хуейр. Уоплъри, зэхыбогъэкI: си сабийм и зыужьыныгъэмкIэ сыт и сэбэпынагъ е и зэранагъ мыбы? КъыгурыIуэну? Сэ сыхуей мыбы хэт лIыхъужьхэм я хьэл-щэным щыщ зыхилъхьэну, я псэлъэкIэр къищтэну?

Иджыпсту сабийм щIэныгъэ къызыхихын, дыкъэзыухъуреихь дунейм щызыгъэгъуэзэн, зэхущытыкIэ тэмэмхэм гу лъезыгъэтэн мультфильмхэр щыIэщ. Апхуэдэщ «Смешарики», «Барбоскины», «Лунтик» сериалхэр, сабий Iущыцэ Джимми Нейтрон теухуар, нэгъуэщIхэри.

Иджырей мультфильмхэмрэ сабиймрэ пыщIа проблемэхэм тогузэвыхь дуней псом псантхуэм елэжьу тетыр. Зыгъэгузэвэни ялъагъу. Псалъэм папщIэ, «Покемоны» мультфильм сериалым и Iыхьэу щэщI хуэдизым еплъа сабийхэм ящыщу щитху хуэдизыр сымаджэщым щIэхуащ эпилепсие узыфэ бзаджэм и нэщэнэхэр яIэу.

«Симпсоны», «Гриффины» мультфильмхэр сабийм я узыншагъэм зэран хуэхъуу къалъытэри, адэ-анэ гупым ахэр къэзыгъэлъэгъуа урыс каналыр судым иратащ. Психологхэр къэуващ 2x2 каналым къигъэлъагъуэ мультфильмхэм сабий ебгъэплъ мыхъуну, укIытэ ямыщIэжу игъасэу къалъытэу. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, сабий къэгъэнауэ, нэхъ къэжэпхъахэри а каналым щыхъумэн хуейщ.

Ди гъащIэм сабийр гъуэгу пэжым тезышу хэтыр куэд мэхъу. Ауэ абы къикIыркъым, дэтхэнэм пхущыхъумэн, жытIэу дакIэлъыплъурэ насыпыншэ тщIыну хуитыныгъэ диIэу. Къалэну щыIэм япэ итыр сабийм и узыншагъэр хъумэнымрэ гъэсэныгъэ тэмэм етынымрэщ. АбыкIэ зэран хъууэ къэувхэм щыщу телевизорымрэ компьютерымрэ унафэ зытумыщIыхьыфыххэну щыткъым. Къэхъур сыт? Сабийми фIэфIу, балигъми ар абы зэрыфIэфIыр имыжагъуэу таурыхъ кIэншэу къагъэлъагъуэм бгъэдагъэтIысхьэри, зыр абы хохьэж, адрейм пэрыуэ имыIэу и унагъуэ Iуэху ещIэ, хэбгъэзыхьмэ, сабийр телевизорым къызэрыпэрымыкIынур хьэкъыу пхыкIауэ, и закъуэу къыщIинэу, Iуэху здиIэм кIуэфынущ.

Зи гугъу тщIы сабий узыфэщIэр зыпкърытыр адыгэ сабийм я закъуэкъым, дэнэкIи щызэлъэщIыса насыпыншагъэщ. Лъэпкъ къэскIэ зихъумэжыну щIэхъуэпсын, хущIэкъун хуейщи, адыгэ лъэпкъым, ди бзэм, ди хабзэм, ди нэмысым, зэхэтыкIэ, зэхущытыкIэ къыддэгъуэгурыкIуэм кIэ езытыфыну къару шынагъуэщ къытщIэIуари, дызыIуува IэнатIэр хэмытIасэу зыгурыдгъаIуэрэ дыщIэпсэу ди сабийхэм драгъусэмэ, псэлъэгъу дахуэхъумэ нэхъыфIщ. Адыгэ таурыхъхэм, сабийхэм папщIэ ятха хъыбар цIыкIухэм, усэхэм дакъыхуеджэурэ, деуэршэрылIэурэ адыгэбзэм и IэфIагъыр зыхедгъэщIэфын хуейщ, гупсысэ яIэрэ ар зэгъэпщауэ къызэраIуэтэн псалъэр яхурикъуу зедгъэужьыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ. Зэраныгъэ къишэн къэгъэнауэ, я псэр нэхъ къулей ищIынущ нэгъуэщI лъэпкъхэм я таурыхъ къыхэщыпыкIахэми дакъыхуеджэмэ. Ар зи пщэ дэлъри зыхузэфIэкIынури сабийр къызэрыхъуа унагъуэм щIэс нэхъыжьхэр аращ - адэ-анэр, адэшхуэ-анэшхуэр. Абыхэм чэнджэщкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъупхъэщ психологхэр, гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр. Сыт хуэдэ Iуэхуми ехъулIэныгъэ ущыщиIэр узэкъуэтмэщ, узэакъылэгъумэщ, узэдэIуэжмэщ.

Сабийхэм мафIэр фIыуэ ялъагъу, ауэ хэдгъэIэбэркъым, мафIэдз яIэрыдгъэхьэркъым. Псыр яфIэфIщ куэдым, ауэ куум хэдгъэхьэнукъым. Зы адэ-анэ щыIэкъым и сабийр, лъаIуэ пэтми, кIыхьлIыхьу усэсым хэту игъэджэгуну. Сыт-тIэ таурыхъым, фIэфIщ жаIэу, кIэншэу щIыбгъэдагъэсыр? Зы щхьэусыгъуэщ иIэр: зэрыдихьэхынур ящIэу, телевизорым «кIэрапхэри», адэ-анэр щхьэхуит мэхъу, я Iуэху ныкъуэ хъуркъым, сабийми и упщIэ мыухыжхэмкIэ игъэбампIэркъым.

Адыгэр дымащIэ тIэкIущ. Сабий къэс дытегужьеикIауэ адыгэ дывгъэщI. НэгъуэщIыбзэхэри ящIэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я дунейми щыгъуазэу, ауэ зэ уадыгэныр куэд зэриуасэр тщымыгъупщэу.

**ХЬЭЦIЫКIУ Рае.**






# Зи сурэтхэр щIэщыгъуэ

**Тэрч щыщ, а къалэм щIыхь зиIэ и цIыху, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, сурэтыщI Iэзэ Гъыдэ Валерэ и сурэтхэр щIэщыгъуэщ.**

ГЪЫДЭ Валерэ Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм 1945 гъэм къыщалъхуащ. Ар зыхуеджэну IэщIагъэр пасэу къыхихат. Курыт школым щыщIэсми Валерэ дахьэхырт тхылъхэм ит сурэтхэм, языныкъуэхэм дежи фIэгъэщIэгъуэну абыхэм къатрищIыкIырт и лэжьыгъэхэр. ЖыпIэнуракъэ, сурэт щIыным Валерэ зэрыцIыкIурэ хуэнэхъуеиншэт. А IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэ курыт школым щимыIами а Iуэхум зэрыдихьэхыр зылъагъу и гъэсакIуэхэм трагъэгушхуэрт, чэнджэщ щхьэпэхэр къратырт.

Школыр къиуха нэужь, Валерэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм сурэтыщIу лэжьэн щыщIидзащ. Тхьэмахуэм щыIэну пшыхьым е кином теухуауэ плакат ищIырт, ахэр зэбгригъэхырт. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм гупсысэ куу хилъхьэрт сурэтыщI ныбжьыщIэм: кино щыIэнумэ - абы щыщ зы кадр гуэр а плакатым трищIыхьырт, цIыхухэр нэхъ къыдихьэхын папщIэ, концертхэри зэрыхьэлэмэтынур тхылъымпIэм къыщигъэлъагъуэрт.

Валерэ сурэт щIыным зыщыхуигъэсащ Пионерхэм я унэм (иджы Сабий творчествэмкIэ унэрщ). А еджапIэм абы щыгъуэм щыIащ СурэтыщI гъуазджэмкIэ студие, художник гъуэззэджэ Ткаченкэ Андрей игъэлажьэу. Валерэ абы щеджащ, нэхъыжьым и IэпщIэлъапщIагъэм кIэлъыплъащ. «Хуэфащэ дыдэу а цIыху гуащIафIэм и цIэр фIащыжащ СурэтыщI гъуазджэмкIэ музей Налшык къалэм дэтым. Къапщтэмэ, сэ сурэт щIынымкIэ лъабжьэ быдэ сэзыгъэгъэтIылъар а художникырщ. Сызэрыригъэджар зэман мащIэми, къысхилъхьар сэркIэ лъапIэ дыдэщ», - жеIэ Гъыдэм.

1964 гъэм и бжьыхьэм Валерэ дзэм къулыкъу щищIэну ираджэри, Германием илъэсищкIэ щыIащ. Абы щыгъуэми зэман къыщыхудэхуэкIэ и IэщIагъэм хигъахъуэрт. ИлъэситIым кърибудэу абы игъэщIэрэщIащ сэлэтхэм я «Красный уголок»-р, стендхэр ищIащ. Апхуэдэу ещанэ илъэсым Офицерхэм я унэм щхьэкIэ сурэтхэмрэ плакатхэмрэ ищIащ.

И лъахэм къигъэзэжа нэужь, Гъыдэр Налшык дэт Автотранспорт комбинатым сурэтыщIу щылэжьащ. ИужькIэ гупыж ищIащ и щIэныгъэм хигъэхъуэну. Ар щIэтIысхьащ Дагъыстэным и художественнэ училищэм, Кавказым щынэхъыфI дыдэу къалъытэм. КъыжыIапхъэщ, Валерэ и лэжьыгъэхэр зылъэгъуа егъэджакIуэхэм ар занщIэу етIуанэ курсым зэрагъэкIуар. Абы еджапIэр щытхъурэ ехъулIэныгъэрэ иIэу къиухащ. А зэманым къриубыдэу Валерэ и лэжьыгъэхэр мызэ-мытIэу зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хигъэхьащ, Санкт-Петербург щекIуэкIа выставкэри хэту.

Налшык щылэжьэну зи мурада Валерэ Тэрч къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм хэт лъэщапIэр кърарти, и къалэнхэм къызыхуэтыншэу пэрыхьащ. Мы зэманым ЩэнхабзэмкIэ управленэм щолажьэ. Абы и лэжьыгъэхэр нэхъыбэу триухуащ цIыхухэм я сурэтхэр щIыным, щIыуэпс къулейм и теплъэ дахэр къэгъэлъэгъуэным, музейхэр гъэщIэрэщIэным. Къэгъэлъэгъуапхъэщ Дей къуажэм и курыт школым хэту къызэрагъэпэща, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ музейр, абы екIуу зэригъэщIэрэщIар. Апхуэдэуи екIуу зэригъэпэщащ Инарыкъуей къуажэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и цIэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэу щыта Пэнагуэ Азэмэтджэрий и цIэр зыфIаща музейр. Тэрч районымрэ къалэмрэ я гербхэр зыщIар Гъыдэ Валерэщ.

Гъыдэм и IэдакъэщIэкIхэмкIэ гъэдэхащ ар щылажьэ Тэрч къалэм тхыдэмкIэ и музейр. Апхуэдэщ «Нартхэр къызэрыунэхуар» сурэт щIэщыгъуэр. А лэжьыгъэр Валерэ, Хьэцым Мурадин, Хъуэст Анатолэ сымэ зэдащIащ. Налшык СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейм ар щагъэлъэгъуащ нарт эпосыр илъэс минищ щрикъум ирихьэлIэу.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Сабий гъэсапIэщIэ



**Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Бэтэх къуажэм курыт еджапIэм егъэщIылIа сабий садыщIэ щаухуащ, «Демографие» лъэпкъ проектым и сэбэпкIэ.**

САБИЙ гъэсапIэм нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ гупитI (дэтхэнэми сабий 40 щIэхуэнущ) иIэнущ, спортым, макъамэмрэ къафэмрэ щыхуагъэсэну пэшыр, пщэфIапIэ, щыжьыщIэ, медицинэ кабинет хэтщ. ПщIантIэм джэгупIэхэр иIэнущ, ахэр сабийхэр къэзыхъумэну щIыбалэрыбгъухэмкIэ къызэрагъэпэщ.

- Зи сад кIуэгъуэ хъуа сабийхэр гъэсапIэщIэм и фIыгъэкIэ чэзум куэдрэ пэплъэнукъым. IуэхущIапIэр шынагъуэншагъэкIи къызэгъэпэщащ, сабийхэм я акъылым, пкъым зэрызедгъэужьыным хуэщIащ, - жиIащ еджапIэм и унафэщI Пщыкъуэ Маринэ.

УхуакIуэхэм я лэжьыгъэр нагъэс, IуэхущIапIэм и кIуэцIымрэ пщIантIэмрэ зыхуей хуагъэзэжмэ, щIышылэм и кум и бжэр къызэIуихыфынущ.

# Хуабэу, къабзэу щытынущ

**«Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэм тету Малкэ курыт школ №2-р къагъэщIэрэщIэж: еджапIэм и блынхэр, и щхьэр зыхуей хуагъазэ, щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкI. Школыр зыхуей хуагъэзэху еджакIуэхэр я унэ щIэсыжу йоджэ, егъэджакIуэхэр интернет IэмалымкIэ ядолажьэ.**



- ЕДЖАПIЭМ сабий 400 хуэдиз щIэсщ. ЩIэныгъэ къыщIахын папщIэ абыхэм гукъыдэж яIэн хуейщ къэкIуэну: мыпIыщIэу, мымэжалIэу, щIэ гуэрхэр къезыгъащIэ Iэмалхэр нэхъыбэу яIэу. Абы папщIэ, ди еджапIэр къызэрыщIэрэщIэжынум дыщогуфIыкI школым и лэжьакIуэхэри, адэ-анэхэри, еджакIуэ цIыкIухэри, - жиIащ школым и унафэщI Хъуран ФатIимэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Быщтэ Азэмэт и вагъуэ

**Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист Быщтокъуэ (Быщтэ) Азэмэт цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэджыIакIуэхэм ящыщщ.**



АЗЭМЭТ Адыгейм къыщалъхуащ. ЩIыналъэм и къалащхьэ Мейкъуапэ дэт гимназиер ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. ЗэрыцIыкIурэ къафэр, макъамэр зи псэм хэлъ щIалэм и уэрэд жыIэкIэр, утыку итыкIэр, зыми хэмыгъуащэ и макъ жьгъырур куэдым ягу ирохь, пшыхь зэмылIэужьыгъуэхэм Iэгуауэшхуэ щыхуаIэт. «Мейкъуапэ пшэплъхэр» ансамблым илъэс 15-кIэ хэта щIалэр пшынэ, бэрэбан еуэным хуэхамэкъым, уэрэд жыIэнми хуэIэзэщ.

- «Мейкъуапэ пшэплъхэр» ансамблым сыхэту япэу Налшык сыкъыщыкIуам гуапэу къытIущIащ «Нал цIыкIу» гупым и художественнэ унафэщI Куэшей Аликрэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Нал цIыкIу» псапащIэ фондым и унафэщI Борсэ ХьэIишэтрэ. Абы лъандэрэ дызэроцIыху, дызэкIэлъокIуэ. Къафэм и мызакъуэу, Алик сабийхэр хабзэм, нэмысым, утыку ихьэкIэм, гуп хэтыкIэм хуегъасэ. Къэфэным гугъуехьу пыщIамрэ дэрэжэгъуэу къуитымрэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. АбыкIэ фIыщIэ яхуэфащэщ икIи сахуэарэзыщ сыщысабийм къафэм сыхуэзыгъэса Къул Мухьэмэдрэ Ныныжь Айдэмыррэ. Уэрэд жыIэнымрэ къафэмрэ зыр зым къыгуэсхыркъым. КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм ехъулIэныгъэфIхэр яIэну, абыхэм я гъэсакIуэхэм узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ якуэдыну сахуохъуапсэ, - жеIэ Быщтэ Азэмэт.

Быщтэр Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэми Урысейми щыцIэрыIуэщ. УэрэджыIакIуэм и Интернет сайтым ущрохьэлIэ Астрахань, Москва, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэр абы и концерт-хэм къыщIэупщIэу. Макъамэр фIыуэ зылъагъухэм я гур къэзыхьэхуфа, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ щIалэ лъагъугъуафIэр мыгувэу Урысей псом цIэрыIуэ зэрыщыхъунум шэч къытетхьэркъым.

Азэмэт игъэ защIэ уэрэдхэм («Си дахэ, уей», «Узмылъагъуу махуэр блокI», «Лъагъуныгъэ», «Си дахэкIей», «Си дахэ цIыкIу», «Потанцуй», «Нас судьба связала», «Лилии», «Сто причин», «Я не стану», «Скучаешь», «Горький чай», «Моё сердце», «Украду тебя», нэгъуэщIхэми) цIыхухэр щIыпэджэжым и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ. Ахэр лъагъуныгъэм, насыпым, зыгъэгумэщI Iуэхухэм ятеухуащ, жыпIэнумэ, а уэрэдхэр цIыхухэм я псэм пэгъунэгъущ. ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, пшыхьхэр, хьэгъуэлIыгъуэхэр ягъэдэхэн папщIэ Быщтэр зэпымыууэ ирагъэблагъэ. КъыжыIапхъэщ, Азэмэт утыку ихьамэ, уэрэд зыбжанэ жимыIауэ къызэрырамыгъэкIыжыр, щIалэм и макъ щымыIу зэхыхьэхэри зэшыгъуэ хъууэ къалъытэ. КъищынэмыщIауэ, Мэремыкъуэ Резуан, Лилу, НэщIэс Анжеликэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Тхьэгъэлэдж Мурат, Лауритэ, нэгъуэщIхэм ящIыгъуу Азэмэт игъэзащIэ уэрэдхэри цIыхухэм япхъуэтащ. «9 волна» макъамэ телеканалымкIэ екIуэкI хит-парадым Быщтэ Азэмэт зэпымыууэ пашэ щохъу.

- Иджыпсту нэхъыбэу зиужь ситыр си псэм нэхъ пэгъунэгъу адыгэ уэрэдхэращ. Си уэрэдхэр щызэхуэхьэса дискыщIэр дунейм къызэрытехьэрэ куэд щIакъым. Концертхэр Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэрщ нэхъыбэу щыстыр. Хабзэ хъуауэ, ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу концертхэр стырт, иужьым коронавирусым къыхэкIыу къызэдгъэпэщыну къыдэмыхъулIэми. Дунейр тIэкIу нэхъ зэтеувэжмэ, а Iуэху дахэм иджыри пысщэну си мурадщ, - жеIэ Азэмэт.

И ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуауэ «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщар закъуэтIакъуэщ. А ехъулIэныгъэр къыпэкIуащ и гур етауэ, и къаруи зэмани емыблэжу Азэмэт и лэжьыгъэм зэрыпэрытым. Ди гуапэщ и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпыту ар иджыри куэдрэ утыку итыну, цIыхухэм я гукъыдэжым пэджэж уэрэдыщIэхэмкIэ дигъэгуфIэну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Дыщыгъуэщакъым тхыдэм, жыуегъэIэ...

**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ ди хэкуэгъу бзылъхугъэ, Бытырбыху щыпсэу Щоджэн Аксанэ и тхылъыщIэ. «Къапхъэнхэмрэ пащтыхьыгъуэхэмрэ» - аращ зэреджэр и ухуэкIэкIи, зытеухуакIи, къиIэт IуэхугъуэхэмкIи зыми емыщхь, хьэлэмэтыщэу зэхэт тхылъ гъэщIэгъуэным. «НэгъуэщIу къекIуэкIатэмэ» жыIэгъуэр блэкIам пхуехьэлIэркъым - къэхъуам, екIуэкIам дерс къыхэпхыфынуращ, абы пхухэлъхьэни зэпхъуэкIыжыни хэлъкъым. Ауэ псалъэ зэгъэпэщам и Iэмалхэр зэмылIэужьыгъуэ куэд хъум къыщынэркъым, и зэфIэкIхэри инщ. Нобэрей дунейм диплъу къэхъуам ди акъыл хэтлъхьауэ щытамэ, зэрыхъунур ди нэгу къызэрыщIыхьэр апхуэдизкIэ нахуэу тхыгъэм щызэкIэлъыгъэкIуащи, шэч хэлъкъым, тхылъеджэм ар гукъинэж зэрыщыхъунум икIи къызэрищтэнум.**




ТХЫЛЪ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор зэрыжиIэмкIэ, тхыгъэшхуэм купщIэ хуэхъуа къэхъукъащIэхэр узыIэпызышэ бзэкIэ тха, узытезымыгъэплъэкъукI Iуэхугъуэхэм ятещIыхьа тхыдэ-фантастикэ романщ. Тхыгъэм дызыхиша дыгъуасэрей махуэхэм я пэжым тхакIуэр блэIэбыкIыркъым, ауэ абыхэм нэгъуэщI еплъыкIэкIэ дыбгъэдешэ, нэгъуэщI къэIуэтэкIэкIэ гъунэгъу дыхуещI. ФIыуэ дызыщыгъуазэ тхыдэм тхакIуэ ныбжьыщIэр къыщхьэщыту къыхэплъэм хуэдэщ. Абы хуэкIуэ лъагъуэм зригъэубгъурэ, дэри гъусэ дыздищIурэ Щоджэныр тхыдэм хохьэ, зы Iуэхугъуэ гуэр къэмыхъуатэмэ, нобэм дыкъызэрыкIуэцIрыкIынур мы гъуэгурат, жиIэу тхыгъэм зрегъэшэщI, и гупсысэ щхъуэкIэплъыкIэхэм зрагъэужь.

Романым къиIуатэр кIэщI дыдэу. Ди лъэхъэнэгъу, адыгэ журналист щIалэ Аслъэнбэч къыщыщIедз блэкIам, ди лъэпкъыр гъуэгу зэхэкIыпIэхэм нэсыхукIэ здигъэзэну лъэныкъуэр къыщыхих илъэс гъае зэхуэмыдэхэм. Аслъэнбэч екIуэкIым и кIэлъыплъакIуэ, лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэхэм зыщызыплъыхь къэкIухьакIуэ къудейуэ къанэркъым; абы и къару илъщ адэжь лъахэм и Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъезыгъэгъэзэн гупсысэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ пащтыхьхэмрэ тетхэмрэ ябгъэдилъхьэну. Ар зыхуэзэри цIыху къызэрыгуэкIкъым, атIэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм псэуами, дунейпсо тхыдэм лъэужьышхуэ къыщызына цIыхуищым яIуощIэ: Къэбэрдейм и пщышхуэ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ, Урысей пащтыхьыгъуэм и тахътэм куэд дэмыкIыу техьэну пащтыхь щауэ Александр Ещанэм, Гитлер Адольф къэзылъхуа и анэм...

Аслъэнбэч тетыгъуэр зыIэщIэлъхэм епсэлъа нэужь, адыгэр зыгъэунэхъуа Урыс-Кавказ зауэри, Урысеймрэ Японимрэ я зэхуаку къыдэхъуа зауэзэрылIри, дуней псор зэщIэзыгъэзджызджа революцитIри къэхъуркъым. Ар щыгъэтауэ, дунейпсо зауитIри, граждан зауэри къызытехъеикIа щхьэусыгъуэхэр дунейм щекIуэкIыркъым, Аляскэ щIыгури Урысейм къыхуонэж.

БлэкIа гъащIэм зекIуэ кIуэуэ къэзыгъэзэжа адыгэ щIалэр Урысей пащтыхьыгъуэм къыхохьэж...

Дауи, тхакIуэм ди пащхьэ къырилъхьэ и IэдакъэщIэкIым фантастикэм и нэщэнэ куэд хэплъэгъуэнущ. Ауэ, хьэлэмэтраращи, фантастикэри тхыдэм пэж дыдэу къыщыхъуа къэхъукъащIэхэм къагъэщIыфыну къыщIэкIащ. Сыту щымытми, нэхъыщхьэращи, Хэку цIыкIуми Хэкушхуэми я тхыдэ щапхъэхэр зы къэмынэу хэкупсэ пщалъэм щIэгъэкIащ, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ зиIэ гупсысэкIэ узэдащ.

«Къапхъэнхэмрэ пащтыхьыгъуэхэмрэ» тхыдэ-фантастикэ романыр зи IэдакъэщIэкIа Щоджэн Аксанэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Къармэхьэблэ 1977 гъэм къыщалъхуащ. Абыкъухьэблэ дэт курыт еджапIэр 1994 гъэм дыжьын медалкIэ къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щIэтIысхьащ. Диплом плъыжьыр къызэрыIэщIалъхьэжу, Щоджэным и щIэныгъэм хигъэхъуэну аспирантурэм щIэтIысхьащ, Бытырбыху дэт, экономикэмрэ финанс хуэIухуэщIэхэмкIэ къэрал университетым и кандидат лэжьыгъэр щыпхигъэкIащ 2005 гъэм.

Иужьрей илъэсхэм Аксанэ тхэным дихьэх хъуащ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ «ФIы щIэныр зищIысыр» IуэтэжыР, «МыкIуэдыжын зэпыщIэныгъэхэр» повестыр, нобэ тхылъеджэм зэрыдэгуашэ тхыдэ-фантастикэ романыр. Щоджэныр урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм теухуа романыщIэм йолэжь. ТхакIуэм къалэнышхуэ зыхуигъэувыжащ - адыгэпщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней, тхыдэм Марие цIэмкIэ къыхэна адыгэ жангуащэм, кIэрылъ пцIы къомыр техыжыныр, гугъуу къихьа и гъащIэ мащIэм и пэжыр сэтей къэщIыжыныр. НэхъапэкIэ и IэдакъэщIэкIа тхыгъэхэм къагъэлъэгъуащ Щоджэныр тхыдэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр, абы и щапхъэхэм зэрахуэIэрыхуэр икIи зэрыримыджэгур, атIэ зэрыхуэсакъыр. Аксанэ иджыпсту зэлэжь тхыгъэр фIэщщIыгъуафIэу, архив тегъэщIапIэхэмкIэ бейуэ зэрыщытынум, уеблэмэ апхуэдиз тхыдэ тхылъымпIэм я текстыр псалъэ зэгъэпэщам и Iэмалхэр фагъуэ щIэмыхъукIыу, зэрыуэзэрыбг мыхъуу и кIэм зэрынигъэсынум шэч хэлъкъым.

Щоджэн Аксанэ тхыдэ зэхэщIыкI зыбгъэдэлъ, къызыхэкIа лъэпкъымрэ абы и тхыдэмрэ гууз-лыуз яхузиIэ тхакIуэ ныбжьыщIэщ. Гупсысэ зэгъэзахуэ зиIэ бзылъхугъэ тхакIуэр лъэпкъ литературэм и уафэгум вагъуэ цIыкIуу къызэритIысхьэнум пцIы хэлъкъым. Ар хущIокъу и лъэпкъым - адыгэм - и цIэр лъагэу иIэтыну. А зы щхьэусыгъуэ закъуэм фIэкIа хэмылъами, абы и цIэр адыгэм я тхыдэм къыхэнэнущ.

Тхыгъэм хэлъ узыфIэмыкIыжын фIагъыр къалъытэри, Котляровхэрэ Бекъул Аниуаррэ я тхылъ тедзапIэхэм я мылъкукIэ къыдагъэкIащ. Тхылъыр бжыгъэкIэ мащIэ дыдэущ дунейм къызэрытехьар - щитI къудей хъууэ аращ. Ар зыIэрызыгъэхьэну хуейхэр Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тыкуэным щыщIэупщIэ хъунущ.

УкъызыхэкIа лъэпкъым ухуэлэжьэныр щIыхь зыпылъ Iуэхугъуэщ. Сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэкIэ абы и тхыдэм убгъэдэмыхьэми, пцIы хыумылъхьэныр, ар нэгъуэщIхэм фIыуэ егъэлъагъуныр, пщIэ хуащIыну къыхуеджэныр нэхъыщхьэхэм ящыщщ. РоманыщIэм тхыдэм дызэрыщымыгъуэщар хьэкъ тщищIащи, абы и лъэныкъуэкIэ Щоджэным фIыщIэ хуэфащэщ. Аксанэ игуми и Iэпэми къыпыкIыр пщIэ зыпылъ Iуэхущи, и цIэми и IэдакъэщIэкIхэми щIэупщIэ ягъуэтыну, нэхъри ефIэкIуэну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Нэхъ мащIэми, жыджэрт



**«Динамо» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Ставрополь. «Динамо» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 13-м. ЦIыху 250-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Дорошенкэ (Краснодар). Магомедов (Мэхъэчкъалэ). Бахус (Краснодар).

**«Динамо»**: Малашенкэ, Чернышов, Еменов, Сорокин, Белозёров, Яковлев, Цканьян, Гаранжа, КIурашын, Майсултанов (Далиев, 62), Тимаков.

**«Спартак-Налшык»**: Антипов, Шумахуэ З., Шумахуэ И., Сындыку, КIэдыкIуей, Бэчбо, Ольмезов (ЛIуп, 57), Черткоев, Хьэшыр, Торосян, Жангуразов.

**Джэгум къыхахуащ** КIэдыкIуейр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу щэбэт блэкIам «Спартак-Налшыкыр» Ставрополь щыIущIащ «Динамо»-м.

ЗэIущIэр ди щIалэхэм жыджэру къыщIадзащ. Ещанэ дакъикъэр екIуэкIыу арат хэгъэрейхэм я гъуэм деж щытыкIэ шынагъуэ хьэщIэхэм къыщыщагъэхъуам. Черткоевым къыхита угловойм иужькIэ топыр къызыIэрыхьа Хьэшырыр лъэщу гъуэм и лъэныкъуэмкIэ еуащ, арщхьэкIэ сантиметр бжыгъэкIэ ар штангэм блэлъэтащ.

«Динамо»-м иужьрей джэгугъуэхэм хигъахъуэ зэпыту йокIуэкI. Абы и щыхьэтщ зэман кIэщIым къриубыдэу турнир таблицэм и епщыкIуплIанэ увыпIэм къикIыу епщIанэм нэс къызэрыдэкIуэтеяр. Мы гъэм командэхэм Налшык щрагъэкIуэкIа зэIущIэм ставрополдэсхэр 1:0-у ди щIалэхэм къащефIэкIауэ щытащ. «Спартак-Налшыкым» мы зэIущIэм текIуэныгъэ къыщихьмэ, щытыкIэр зэхуэдэ хъужынут. Абыи хьэщIэхэр жыджэру телажьэрт.

ЗэпэщIэтыныгъэм и нэхъыбэр хэгъэрейхэм я лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIыурэ япэ Iыхьэр и кIэм нэблэгъащ. АрщхьэкIэ налшыкдэсхэм щIэщхъу къащыщIащ. Джэгум етIуанэ дагъуэ къызэрыщыхуащIам и зэранкIэ зэIущIэм къыхахуащ КIэдыкIуейр. Абы напIэзыпIэм жыджэрагъ къыхилъхьащ «Динамо»-м. Зы цIыхукIэ зэрынэхъыбэр къагъэсэбэпурэ ебгъэрыкIуэныгъэ зыбжанэ къызэрагъэпэщауэ командэхэм загъэпсэхуну икIащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр зэрыщIидзэжрэ куэд дэмыкIауэ бжыгъэр къызэIуихыным пэгъунэгъу дыдэ хъуат «Спартак-Налшыкыр». Черткоевым угловойкIэ къыхита топыр штрафнойм ит Хьэшырым и дежкIэ къэлъеящ. АрщхьэкIэ иужьрейр топым тэмэму техуакъым.

Куэд дэмыкIыу ставрополдэсхэм ди щIалэхэр зыгъэгузэва щытыкIэ хьэщIэхэм я штрафнойм къыщызэрагъэпэщащ. Майсултановыр лъэщу зэуа топыр гъуэм щхьэпрылъэтащ. КъыкIэлъыкIуэу абы къыхита топыр Гаранжа къыIэрыхьащ. Метр зыбжанэкIэ Антиповым пэмыжыжьэу ар зэуа топыр ди гъуащхьэтетым къиштащ.

Зэрынэхъ мащIэм щхьэкIэ къэмынэу налшыкдэсхэр жыджэрт. «Спартак-Налшыкым» къызэригъэпэща контратакэ псынщIэм хэту штрафнойм щихьэм топыр къыIэрыхьащ джэгум къыхыхьагъащIэ ЛIупым. «Динамо»-м и гъуащхьэхъумищым Iэзэу къапекIуэкIа ди щIалэр лъэщу гъуэм еуащ, ауэ топыр пхъэшыкъум техуэри, губгъуэм икIащ.

Командэхэм ирагъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ джэгум и зэпэщIэтыныгъэр къэщIэрэщIэжащ. «Динамо»-м щыщу зэIущIэм къыхыхьагъащIэ Далиевым угловой нэужьым къыIэрыхьа топым ди гъуэм хуэзэу къеуащ. Антиповыр зылъэмыIэсыфыну топыр хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым техуэри, угловойм кIуащ.

ЛIупыр нэхъапэми хуэдэу жыджэрт икIи командэр ипэкIэ игъэкIуатэрт. Топыр иIыгъыу ар штрафнойм ихьащ, арщхьэкIэ къыпэува гъуащхьэхъумэхэм гъуэм ирагъэуакъым. Абыхэм къапекIуэкIри, ар сытми гъуэм еуащ, ауэ «Динамо»-м гъуащхьэтетым топыр къиштащ.

ЗэIущIэм и кIэухыр «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэкIэ иухащ. Зэман нэхъыщхьэм къыщIагъуа дакъикъэхэм ящыщ зым хьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэм хэту ди щIалэхэр зэуа топыр гъуащхьэтетым къигъэлъеижащ. Абы ЛIупыр кIэлъеуэжат, арщхьэкIэ хэгъэрейхэр аргуэру штангэм къригъэлащ.

ЕпщыкIуиянэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: **«ЕсэнтIыгу»** (ЕсэнтIыгу) - **«Легион-Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:6**, **«Ротор-2»** (Волгоград) - **«Дружба»** (Мыйкъуапэ) - **0:0**, **«Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Алания-2»** (Владикавказ) - **3:0**, **«Форте»** (Таганрог) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:1**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **3:2**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Чайка»** (Песчанокопскэ) - **0:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и унэ щригъэкIуэкIынущ. ЩэкIуэгъуэм и 19-м ар IущIэнущ Новороссийск и «Черноморец»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **СКА** | **17** | **14** | **1** | **2** | **32-10** | **43** |
| 2. | «Динамо» Мх. | 17 | 12 | 4 | 1 | 32-8 | 40 |
| 3. | «Чайка» | 17 | 12 | 3 | 2 | 37-10 | 39 |
| 4. | «Форте» | 17 | 10 | 6 | 1 | 30-13 | 36 |
| 5. | «Анжи» | 17 | 9 | 2 | 6 | 25-14 | 29 |
| 6. | «Черноморец» | 17 | 8 | 4 | 5 | 30-19 | 28 |
| 7. | «Кубань-Холдинг» | 17 | 7 | 5 | 5 | 19-16 | 26 |
| **8.** | **«Спартак-Налшык»** | **17** | **5** | **8** | **4** | **17-12** | **23** |
| 9. | «ТIуапсы» | 17 | 6 | 3 | 8 | 19-23 | 21 |
| 10. | «Легион Динамо» | 17 | 5 | 6 | 6 | 21-13 | 21 |
| 11. | «Динамо Ставрополь» | 17 | 5 | 5 | 7 | 23-20 | 20 |
| 12. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 18 | 5 | 4 | 9 | 27-27 | 19 |
| 13. | «Биолог-Новокубанск» | 16 | 5 | 4 | 7 | 23-21 | 19 |
| 14. | «Ротор-2» | 17 | 4 | 3 | 10 | 15-29 | 15 |
| 15. | «Дружба» | 17 | 2 | 6 | 9 | 11-27 | 12 |
| 16. | «Алания-2» | 17 | 1 | 3 | 13 | 13-50 | 6 |
| **17.** | **«ЕсэнтIыгу»** | **18** | **1** | **1** | **16** | **8-70** | **4** |

# ЗэфIэкI хъарзынэхэр къагъэлъагъуэу

**Оренбург къалэм щекIуэкIащ каратэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэр. «Европа - Азия» зыфIаща зэпеуэхэм хэтащ къэралым и щIыналъэ псоми къикIа спортсмен 800-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам зэхьэзэхуэм хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи медаль зэмылIэужьыгъуи 10 къихьащ.**

АПХУЭДЭУ, щхьэзакъуэ кумитэ лIэужьыгъуэмкIэ щыбэна гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Гуэбэшы Аскэррэ (кг 30-м нэблагъэ) Гуэбэшы Арнэллэрэ (кг 42-м нэблагъэ). Дыжьын медалхэр зыIэрагъэхьащ Нэгъуей Алинэ (кг 30-м щIигъу), Ирыгу Ренат (кг 52-м нэблагъэ), Щомахуэ Ислъам (кг 60-м нэблагъэ) сымэ. Блий Эмиррэ (кг 32-м нэблагъэ) Мэз Идаррэ (кг 55-м нэблагъэ) ещанэ хъуахэщ.

Командэ кумитэ лIэужьыгъуэм Дагъыстэным и гуп къыхэхам хэту пашэ щыхъуащ Мэз Идар. Илъэси 8 - 9-м ит хъыджэбз цIыкIухэм я зэхьэзэхуэм Этезовэ Эльмэ, Нэгъуей Алинэ, Мочанэ Iэминэ сымэ я гупым домбеякъ медаль къихьащ. Илъэс 12 - 13 зи ныбжьхэм я деж ещанэ щыхъуащ Гуэбэшы Арнэллэ, Уянаевэ Самирэ, Залихановэ Аишэ сымэ я командэр.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# ЗакIуийм и текIуэныгъэ дахэ

**Каспийск къалэм щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ я зэфIэкI щагъэлъагъуэ «Wolnik Liga-6» пшыхьыр. Ар къызэIуахащ Дагъыстэным бэнэкIэ хуитымкIэ и школхэм я гъэсэнхэм я гуп зэхьэзэхуэхэмкIэ.**



ЗЭПЕУЭМ и зэIущIэ нэхъыщхьи 9-м щызэпэщIэтащ урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ.

Зи хьэлъагъыр килограмм 70-м нэблагъэ гупым хэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ЗакIуий Анзор алэрыбгъум къыщыпэщIэтащ Азербайджаным и цIэкIэ банэ Муслимов Муртазали.

ЗэIущIэм и япэ дакъикъищыр ди лъэпкъэгъум и текIуэныгъэкIэ - 7:4-уэ - и кIэм нэблэгъащ. ЗэхьэрхуэрэгъуитIми баллиплI къызэрахь Iэмалхэмкlэ зым адрейр тридзэри, бэнэкIэ хуитым дихьэххэм я нэгу зрагъэужьащ.

Нэхъ лъэщыр щызэхэкIар етIуанэ Iыхьэм и япэ дакъикъэм и кIэухырщ. ЗакIуийм азербайджан бэнакIуэр Iэзэу идзри, текIуэныгъэр къихьащ - 11:4.

**МЭЗКУУ Къан.**

УнафэщI-редактор
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 1.849 ●Заказ №2555